**दिन–शुक्रवार** **दिनांक–19.09.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

———————————————————————————————

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहलनि जे **मिशन सक्षम आंगनवाड़ी** आओर पोषण **टू प्वाइंट ओ** बच्चा, कशोरी आ गर्भवती माता सभक पोषण मे सुधारक लेल सरकार द्वारा शुरू कयल गेल प्रमुख पहल अछि। केन्द्रीय मंत्री अन्नपूर्णा देवीक एकटा लेख साझा करैत श्री मोदी कहलनि जे एहि योजनाक माध्यम सँ देशभरि मे पसरल आंगनवाड़ी केन्द्रक विस्तृत नेटवर्कक माध्यम सँ लाखो लाभार्थी सभ कँ सहायकता भेट रहल अछि। ओ आगूं कहलनि जे ई योजना देशक लाखो बच्चाक भविष्य कँ आकार दऽ रहल अछि।

———————————————————

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आइ केन्द्रीय मंत्री चिराग पासवान द्वारा खाद्य प्रसंस्करण क्षेत्र मे व्यापार सुगमता बढेबा मे नवीनतम जीएसटी सुधारक प्रभाव पर लिखल एकटा लेख साझा कयलनि। एकटा सोशल मीडिया पोस्ट मे श्री मोदी कहलनि जे प्रतिदिनक खाद्य पदार्थ आओर पैकेजिंग पर दाम कम भेला सँ किरानाक सामान बेसी सस्ता भऽ गेल अछि। ओ कहलनि जे एहिसँ सूक्ष्म, लघु आओर मध्यम उद्यम के बढ़ावा भेटत।

———————————————————

केन्द्रीय कृषि मंत्री शिवराज सिंह चौहान कहलनि जे जीएसटी दर मे कटौतीक सीधा लाभ किसान कँ भेटबाक चाही। श्री चौहान आइ नई दिल्ली मे कृषि मशीनरी के प्रतिनिधि सभक संग बैसक मे निर्देश देलनि जे ओ किसान कँ ट्रैक्टर आओर आन खेतीक उपकरण पर बाईस सितम्बर सँ जीएसटी छूट उपलब्ध कराबैथ।

———————————————————

बिहार राज्य महिला आयोग आइ अपन चौबीसम स्थापना दिवस मना रहल अछि। एहि अवसर पर पटनाक अधिवेशन भवन मे आयोजित समारोहक  उद्‌घाटन मुख्यमंत्री नीतीश कुमार कयलनि। मुख्यमंत्री महिला आयोगक विशेष वेबसाइट कैँ सेहो लॉन्च कयलनि। एहि सुविधाक शुरू भऽ जयबा सँ महिला अपन शिकायत आयोग मे ऑनलाईन कऽ सकैत छथि। समारोह मे उप मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ विजय कुमार सिन्हा सहित राष्ट्रीय महिला आयोगक अध्यक्ष विजया रहाटकर आओर राज्य महिला आयोगक अध्यक्ष अप्सरा मिश्रा सेहो उपस्थित छलीह।

———————————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ पटना के बिहटा मे राज्य आपदा प्रतिक्रिया बल एसडीआरएफ परिसर मे नवनिर्मित, अत्याधुनिक, प्रशासनिक–सह प्रशिक्षण भवन, आवासीय भवन आओर आन आधारभूत संरचना सभक उद्‌घाटन कयलनि। एसडीआरएफ के अत्याधुनिक सुविधा आ उपकरण राज्य मे आपदा प्रबंधन आओर आपातकालीन प्रतिक्रिया क्षमता कैँ मजगूत करत। एहि सँ प्राकृतिक आपदा जेना बाढि, भूकंप आओर आन आपातकालीन स्थिति सँ बचबा मे सहायता भेटत।

———————————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार राजगीर मे पहिल बेर आयोजित **हीरो एशिया कप दू हजार पच्चीस**क विजेता भारतीय हॉकी टीमक खेलाड़ी आओर प्रशिक्षक सभ कैँ आइ पटना मे सम्मानित कयलनि। एहि अवसर पर मुख्यमंत्री सभ खेलाड़ी, मुख्य प्रशिक्षक आओर सहायक प्रशिक्षक सभ कैँ दस–दस लाख रूपैया आ सपोर्टिंग स्टॉफ कैँ पाँच–पाँच लाख रूपैयाक सम्मान राशि आ प्रशस्ति पत्र सँ सम्मानित कयलनि।

———————————————————————————

प्रदेश मे चलि रहल मतदाता विशेष गहन पुनरीक्षण अभियान, एसआईआर के तहत दावा–आपत्ति आ दस्तावेज जमा करेबाक लेल अखन पाँच दिन शेष अछि। चुनाव आयोग नव बूलेटिन जारी कऽ कहलक अछि जे राज्य मे चलि रहल विशेष गहन पुनरीक्षण अभियानक अंतर्गत मात्र भाकपा–माले दिस सँ **उनासी** दावा आ आपत्ति दर्ज कराओल गेल अछि। जखनकि राजद दिस सँ तीन आवेदन देल गेल अछि। **छओ** टा राष्ट्रीय राजनीतिक दल दिस

सँ अखन धरि कोनो दावा–आपत्ति दर्ज नहि कराओल गेल अछि। मुख्य निर्वाचन अधिकारी विनोद सिंह गुंजियाल जनौलनि जे प्रारूप प्रकाशनक बाद आखन धरि **एक लाख पंचानवे हजार आठ सय दू** निर्वाचक सँ सीधे दावा–आपत्तिक आवेदन भेटल अछि। एहि मे सँ **चौबीस हजार नओ सय एकानवे** मामिलाक निपटारा कऽ देल गेल। एहि के संग अठारह बरख आओर बेसी उमरक आठ लाख एकावन हजार सँ बेसी मतदाता सूची मे अपन नाम जोड़ेबाक लेल आवेदन देलनि अछि। दावा–आपत्तिक अंतिम तिथि **एक सितम्बर अछि।** तीन सितम्बर के अंतिम मतदाता सूची प्रकाशन कयल जायत।

———————————————————————————

**सशक्त नारी सशक्त परिवार अभियानक** अंतर्गत दरभंगा जिलाक बेनीपुर अनुमंडल अस्पताल मे स्वास्थ्य शिविरक आयोजन कयल गेल।

———————————————————————————

प्रदेश मे मॉनसूनक सक्रियता सँ लगातार बरखाक भऽ रहल अछि। पछिल चौबीस घंटाक बीच किशनगंज जिलाक किछु स्थान पर बेसी बरखा दर्ज कयल गेल।

———————————————————————————

समाप्त भेल